



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POU MODÈNIZE MENDÈV ETA AK OPERASYON GOUVÈNMAN YO NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA**

***Soti jiyè 2023 rive nan fen desanm 2025, Eta New York pral anile frè egzamen pou sèvis sivil pou ankouraje aksè ekitab ak karyè nan Gouvènman Eta a***

***Yo pral ofri egzamen sèvis sivil yo sou yon baz pi souvan epi bay aplikan yo yon fleksibilite maksimòm***

***Yo pral etabli douz sant tès ki opere pa Eta a atravè Eta a pou rann egzamen sèvis sivil Eta a pi aksesib pou tout moun k ap chèche travay yo***

***Enkli agrandisman pwogram anbochaj 55-B pou opòtinite travay pou moun ki gen andikap yo***

***Bati sou angajman Eta Leta Gouvènè a pou rebati mendèv piblik ak ede Gouvènman an travay pi byen pou tout Nouyòkè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè aksyon pou modènize mendèv piblik New York la ak rasyonnalize operasyon gouvènmantal yo nan kad Bidjè istorik Ane Fiskal 2024 la. Aksyon yo genyen ladan yo elimine frè aplikasyon sèvis sivil yo pou egzamen eta yo; ofri egzamen sèvis sivil sou yon baz kontinyèl; epi agrandi pwogram anbochaj 55-B eta a ki egziste deja pou ogmante opòtinite travay pou moun ki GEN andikap yo. Ansanm, aksyon sa yo reyafime angajman Gouvènè a pou fè gouvènman an fonksyone pi byen pou Nouyòkè yo.

"Depi premye jou mwen yo antanke Grefye Konte Erie, mwen te pran angajman pou koupe fòmalitye administratif yo ak retire obstak biwokratik nan gouvènman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan pwomosyon aksè egal pase nan karyè nan sèvis sivil rive nan agrandi opòtinite travay pou moun ki gen andikap yo, Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan aksyon k ap pote transfòmasyon ki pral modènize mendèv Eta a epi fè gouvènman an travay pi byen pou tout Nouyòkè yo."

Anpre pandemi COVID-19 la, Eta New York ap fè fas a gwo defi anbochaj, ak mendèv gouvènman eta a k ap fè fas ak yon mank apeprè 14,000 anplwaye dapre done eta a. Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan plizyè dispozisyon, ke yo te premye anonse nan

diskou 2023 Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a, pou atire epi kenbe pi gwo talan epi ogmante divèsite mendèv piblik la pou pi byen reflekte Eta New York.

### **Rann egzamen pou sèvis sivik yo pi aksesib**

Bidjè Ane iskal 2024 la pral pèmèt yo ofri egzamen sèvis sivil yo sou yon baz kontinyèl pou bay kandida yo plis opòtinite pou yo fè tès yo - yon chanjman ki pral benefisye ajans eta yo ak gouvènman lokal yo tou. Kounye a, egzamen yo fèt anjeneral sou yon baz iregilye, epi si yon kandida rate egzamen an nan yon dat yo bay, yo pa kapab fè egzamen an jiskaske yo ofri li ankò. Lè yo ofri egzamen pi souvan nan kad yon pwosesis egzamen modèn ak efikas, ajans eta a yo ak gouvènman lokal yo pral gen yon pi gwo gwoup kandida kalifye pou ranpli wòl enpòtan nan sektè piblik la. Yo pral egzamen yo sou plizyè fòm, enkli egzamen sou entènèt ansan ak egzamen an pèsòn ki dwe fèt nan 12 sant tès enfòmatis eta ki fèk etabli a pou egzamen sèvis sivil eta a yo.

### **Retire frè egzamen pou sèvis sivil la**

Frè egzamen sèvis sivil yo ka sèvi kòm yon gwo baryè pou antre nan sèvis piblik la, sitou pou kandida ki soti nan kominote ki tradisyonèlman majinalizewo. Pandan ke egzonerasyon frè yo egziste kounye a pou veteran yo, ansan ak moun ki p ap travay oswa k ap resevwa asistans piblik, majorite moun k ap fè tès yo dwe peye yon frè egzamen. Bidjè a pral sipòte anilasyon frè egzamen an, k ap kòmanse nan an jiyè 2023 epi fini an desanm 2025, pou retire baryè pou antre sa a pou moun k ap fè egzamen sèvis sivil eta a yo.

### **Ogmante opòtinite travay pou moun ki gen andikap yo**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la ranfòse pwogram anbochaj espesyalize 55-B pou ogmante opòtinite travay pou moun ki andikape yo. Dapre plan an, Eta New York pral ogmante kantite pozisyon eta anboche atravè pwogram saa pou ouvri chemen karyè pou moun ki gen andikap yo. Kwasans pwogram sa a pral kreye plis opòtinite pou travay ki gen sans nan gouvènman Eta New York nan mitan gwoup saa ki istorikman pa reprezante ase.

### **Modènize Acha Eta New York**

Kòm yon pati nan angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou rasyonnalize pwosesis gouvènman an, Bidjè Ane Fiskal 2024 la ofisyalize inisyativ eProcurement (Acha elektwonik) Gouvènè a pou fè kontra santralize atravè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York pi senp, pi modèn, ak pi aksesib. Bidjè a pèmèt pou kreye òf elektwonik, ki pral rann li pi fasil pou Nouyòkè yo fè biznis ak ajans Eta New York yo, gouvènman lokal yo, ak antite san bi likratif yo. Atravè eProcurement, Eta a pral ogmante transparans tou, diminye baryè pou patisipasyon (sitou pou biznis ki posede pa minorite ak fanm yo), amelyore eksperyans achtè a, epi pèmèt yo pran desizyon ki baze sou done pou pi byen satisfè bezwen Nouyòkè yo.

### **Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 Gouvènè Hochul la**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la bati sou plizyè inisyativ ki te anonse nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 Gouvènè Hochul la pou ranfòse mendèv piblik la ak operasyon gouvènman an yo. Gouvènè a te anonse deja kreyasyon pozisyon Espesyalis Sèvis Sivil nan Sant

Karyè Depatman Travay la pou sèvi kòm lyezon ant moun k ap chèche travay yo ak Depatman Sèvis Sivil la, ansanm ak lòt ajans eta yo, pou ede kandida yo pi byen navige Sistèm Merit Sèvis Sivil la epi bay yo pi gwo sipò pou navige nan opòtinite travay ki disponib yo atravè gouvènman eta a. Gouvènè a te anonse tou yon kanpay maketing ki gen plizyè aspè pou sansibilize anpil karyè divèsifye ki disponib atravè sèvis piblik la ak avantaj travay inik nan Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)